

## Sèvis Jesyon Mobilite



**RELE (516) 869-6311**

- Opsyon transpò vil la
- Konekte ak transpò ki aksesib
- Orè tren / bis
- Kou pou aprann kondui
- Pote prezantasyon sou mobilite yo nan gwoup sosyal ou yo

## Kisa Vwazen w yo ap di konsènan Sèvis Transpò PI a



**Mèsi a Vil North Hempstead paske li vini ak pwogram sèvis taksi a. Se yon ide entelijan, imen...**

– JS nan Great Neck te



**Mèsi pou sèvis taksi a. Mwen apresye li anpil epi mwen ta renmenLi kontinye**

– LL nan New Hyde Park

# Jennifer DeSena

Sipèvizè Vil la



Vil North Hempstead

### KONSÈY VIL LA

**Robert J. Troiano, Jr.**

Manm Konsèy, Distri 1

**Dennis J. Walsh**

Manm Konsèy, Distri 3

**David A. Adhami**

Manm Konsèy, Distri 5

**Ragini Srivastava**

Sekretè Meri a

**Peter J. Zuckerman**

Manm Konsèy, Distri 2

**Veronica Lurvey**

Manm Konsèy, Distri 4

**Mariann Dalimonte**

Manm Konsèy, Distri 6

**Charles Berman**

Pèseptè Enpo

Sipèvizè Vil la Jennifer DeSena,  
Konsèy Vil la, ak Depatman  
Sèvis pou Moun Aje yo prezante:

Town of North Hempstead  
**Project Independence**

## Rezon pou eseye Taksi Pwojè Endepandans

- W ap rete endepandan
- Ou ka gen efè segondè akòz medikaman
- Ou pa ka kondui akòz klima a
- Ou gen difikilte pou kondui lannwit
- Ou ka evite paking difisil yo
- Ou vle transpò pou achte manje GRATIS de fwa pa semèn
- Ou vle yon taksi nan pri ki gen rabè pou randevou medikal, randevou pou dan ak zye

*Sèvis transpò Pwojè Endepandans lan finanse an pati pa yon finansman ki soti nan Konsèy Transpò Metwopoliten New York (New York Metropolitan Transportation Council, NYMTC) atravè Depatman Transpò (Department of Transportation) Eta New York ak Administrasyon Transpò Piblik Federal la (Federal Transit Administration).*

Sèvis taksi Pwojè Endepandans lan fonksyone san distenksyon ras, koule, orijin nasyonal, relijyon, jan, oryantasyon seksyèl, estati matrimonyal, laj oubyen enfimite, epi nan konfòmite ak lwa ki anvigè a. Tout moun ki kwè yo te fè diskriminasyon ilegal kont yo pandan y ap itilize Sèvis Taksi Pwojè Enddans lan ka depoze yon plent alekri nan 180 jou nan: Depatman Sèvis pou Granmoun (Department of Services for the Aging), Pou atansyon: Ofisye EEO ak ADA, 1601 Marcus Avenue, New Hyde Park, New York 11040.

## Pwogram Transpò



### Pou Rezidan Vil la

- Ki genyen 60 an e plis
- Ki genyen 21 an e plis ki genyen yon enfimite

# MESAJ SIPÈVIZÈ VIL LA JENNIFER DESENA



Chè Zanmi ak Vwazen:

Vil of North Hempstead fyè pou fè patenarya ak konpayi taksi otorize lokal yo pou ofri trajè pou achte manje ak transpò nan pri ki gen rabè pou vizit medikal. Trajè sa yo disponib pou rezidan granmoun ki gen 60 an e plis, ak pou rezidan ki andikape ki genyen 21 an e plis ki kalifye yo.

Sa se yon sèvis ekstraòdinè pou rezidan nou yo! Anplis trajè nan taksi gratis pou achte manje, pou yon trajè nan taksi pou ale kay doktè, dantis, oswa sant trètman ou, w ap peye 5 dola pou chak trajè pou tarif ki pi ba pase 20 dola ak 10 dola pou chak trajè pou tarif ki 20 dola oswa plis. Vil la ap peye balans ki rete a, san tep pa ladan l (ki rekòmande epi apresye!).

Bwochi sa gen objektif pou reponn tout kesyon konsènan sèvis transpò Vil la. Si ou bezwen enfòmasyon siplemantè, oubyen ou vle fikse dat depasman w lan, tanpri rele (516) 869-6311 pou asistans.

Salitasyon chalere,

**Jennifer DeSena**  
Sipèvizè Vil la

## Kesyon ak Repons sou Transpò Medikal

### Kilè sèvis la disponib?

- Nan jou lasemèn, sof jou ferye enpòtan yo
- Dwe planifye omwen yon jou alavans, anvan 5 è p.m.
- Pi bon lè pou deplase se 10 a.m. - 2 p.m. lè taksi yo pa twò okipe
- Prewa reta pandan lè depwent yo (jiska 10 a.m., apre 4 p.m.)

### Ki zòn sèvis la kouvri?

- Sèvis la kouvri destinasyon medikal ki nan Vil North Hempstead yo
- Destinasyon ki pi lwen pase Vil la se: Kanpis LIJ, NUMC, MSK Nassau, St. Francis De Matteis Center ak destinasyon nan Garden City yo

### Èske taksi a ap pote chèz woulant oubyen apui mwen an?

- Wi, depi ou ka chita sou syèj yon machin, epi aparèy la ka pliye fasilman epi antre nan kòf machin nan.
- Chofè yo pa ede fizikman

### Èske asistan mwen an ka vini tou? Wi, san okenn chaj.

### Kijan mwen ka fikse depasman mwen yo?

- Tanpri rele (516) 869-6311 omwen yon jou alavans pou rezève yon trajè, lendi - vandredi soti 7:30 a.m. jiska 4:45 p.m.
- Sant Dapèl la fèmen pandan tout jou ferye enpòtan yo.

### Kisa trajè a ap koute?\*

- \$5 pou chak vwayaj pou tarif ki pi piti pase 20 dola yo, oswa, 10 dola pou chak vwayaj pou tarif ki 20 dola ak plis yo
- Yo rekòmande epi apresye pou ou bay tep

### E konsènan trajè retou mwen an?

- Y ap ba ou nimewo telefòn konpayi taksi a pou rele pou retounen.
- Apre randevou a, rele taksi a epi di ou nan "Pwojè Endependans" lan pou menm tarif ki gen rabè a aplike pou vwayaj pou retounen an.

## Kesyon ak Repons sou Acha Manje

### Kilè sèvis la disponib?

- Depasman pou achte manje gratis disponib de fwa pa semèn ant 10 è a.m. ak 2 è p.m.
- Trajè yo dwe pwograme omwen yon jou anvan an, anvan 5 p.m.

### Èske taksi a ap pote chèz woulant oubyen apui mwen an?

- Wi, depi ou ka pase sou syèj machin nan, epi chèz woulant lan oubyen aparèy la ka pliye fasilman manepi antre nan kòf yon machin.

### Èske asistan mwen an ka vini tou? Wi, san okenn chaj.

### Kijan mwen ka pwograme depasman mwen yo?

- Tanpri rele (516) 869-6311 omwen yon jou alavans pou rezève yon trajè, lendi - vandredi oti 7:30 a.m. jiska 4:45 p.m.
- Sant Dapèl la fèmen pandan tout jou ferye enpòtan yo.

### E konsènan trajèretou mwen an?

- Kounye a ou ka pwograme alavans pou yo pasepran w pou retounen lè w ap rezève.
- Sinon, lè ou pare, rele taksi a epi di ou nan "Pwojè Endependans" lan pou trajè pou retounen w lan ka gratis tou.

### Èske gen yon limit pou kantite sachè makèt ?

- Limit lanse 3 sachè pa pasaje.
- Okenn pwoduiki lou ke ou pa ka pote ou menm.

### E konsènan tep la?

- Yo rekòmande epi apresye pou ou bay tep.

- Pi bon moman pou deplase se ant 10 è a.m. ak 2 è p.m. lè taksi yo mwens okipe
- Rele omwen yon jou alavans
- Pou depasman nan jou apre a, tanpri rele anvan 5 è p.m. lèlimit la
- Si ou pa ka konekte ak taksi pou retounen an, rele Sant Dapèl Vil la (516) 869-6311 pou asistans
- Ou dwe mete mask tout tan\*

\*Detay sou pwogram yo ka chanje